# Fondasyon Eksperyansla.


## Belle-Fortune, Dabonne, Leogane, Haïti.

Tel : 36 56 06 44


Espas ouvri sou espas ouvri 2014.
Sabous, lekòl Murdud
26 pou rive 28 jen 2013.

Jan nou konnen li Espas ouvri sou espas ouvri ane 2014 la te fèt nan Leyogan, espesyalman nan lekòl " institution Mixte Mirdude" Espas la te reyini plis pase 70 patisipan ki te soti kote diferan, tankou lagonav, pòtoprens, Pestèl, Leyogan, USA elatriye... tèm ki te gide refleksyon yo se : **Kijan nou santi devlopman Biznis sosyal kapab enfliyanse pwofesyonèl edikasyon pou yo travay pi plis pou yon lòt kalite edikasyon ?**
Anba tèm sa a, gen anpil sijè ki te pwopoze, konsa anpil refleksyon te fèt, an nou reviv espas pandant nap li diferan reflksyon sa yo.

1. Kisa nou kapab fè pou tout moun nan sosyete a gen menm dwa ak menm Valè ?
2. Yon lòt politik nan koze transpò. Mete aksan tout bon sou koze agrikilti. Ankouraje agrikiltè yo sèvi ak dechè pou fè angrè natirèl ki relè konpòs.
3. Reglemante koze konstriksyon nan peyi a. zafè moun konstwi kote yo jwenn nan dwe fini.
4. Mete men ansanm pou fè respekte valè kiltirè nou yo.

Kisa ki genyen nan biznis sosyal kap kapab ankouraje pwofesyonèl travay pi plis nan edikasyon.

Pwofesyonèl ?
Se yon moun ki envesti nan tèt li nan lide poul fè travay efikas kap debouche sou mwayen pou li viv, pran swen fanmil epi reyalize reyalize rèv li.

Biznis sosyal ?
Se yon akivite komèsyal ki vize pwofi menm jan ak tout lòt, men pwofi sa a pa sèvi pou fè yon moun rich, lap sèvi pito pou rezoud yon pwoblèm sosyal, tankou edikasyon, sante, anviwònman, sante elatriye....
Yon biznis sosyal kapab ede jwenn lajan pou leve yon defi nan yon kominote. Enfliyase lòt moun kreye biznis sosyal tou. Diminye chomaj ak delenkans.
Biznis sosyal la kapab yon restoran, yon libreri, yon poulaye elatriye...

Kijan nou ka fè yon bon lekòl ?
Yon lekòl mande lanmou ak respè kominote a epi respè pou prensib ki etabli yo. Fòk tout aktè yo vle angaje nan pwosesis la, paran, elèv, pwofesè elatriye... dwe santi yon vrèman konsène.

Lekòl la dwe gen yon bon vizyon, Responsab yo dwe konnen kominote a. Fòk yo wè timoun tankou yon min lò ki pap janm fin epwize. Si edikasyon ap mal mache, sa se yon blokis pou genyen yon bon lekòl.

Kisa kifè yon lekòl yon bon lekòl ? Kijan nou kwè yon lekòl ka bon san yo pa teni kont politik sosyal yo ?

Fok lekòl la konnen ki kote li kanpe, kisa ki ka gide li nan lavi elèv yo ? Vwa tout aktè yo konte, chwa bon pwofesè, kreye espas pou aktè yo eksprime yo. Egzanp twa wòch dife a. Bon politik sosyal, asirans pou pwof yo, kantin pou elèv ak tout lòt moun ki nan lekòl epi ki enplike. Kreye yon anviwònman ki pwopis. Asire pwofesè yo ap jwenn retrèt lè yo fin granmoun.

Yon bon lekòl se yon lekòl ki teni kont de elèv yo pa rapò ak aptitid yo. Se pa plen tèt yo ki konte men se dekouvri ki domèn yo pi entèrese.
Yon bon lekòl sipoze fèt ak kè kontan, tout moun ki konsène dwe travay ak lajwa, yon bon lekòl se mete kou pwofesyonèl pou elèv yo. Yon fason yo kapab reponn ak egzijans lavi a. kou yo kapab atizana, kouti, afloral, enfòmatik, lang yo elatrye...
Yon bon Lekòl mete enpòtans sou kapasite elèv epi aprann yo estime pwòp tèt yo. Li dwe mete aksan sou kalite pwofesè yo tou, gen moun ki nan ansèyman akòz lavi a, men yo pa renmen sa. entegre plis fi nan zafè lekòl paske yon gen lamoun nan zantray yo. Respete entegrite fizik timoun yo.

Kijan ou ka avanse sou pwoblèm anpil Ti moun ki pa ale lekòl ?
Moun kap fè pitit yo bezwen jwe jèt entèlijan pou akonpanye timoun yo nan lavi yo. Fè jaden lakou, tankou piman bouk, pwavon, tout pwodwi marechè yo...Lòt òganizasyon kapab chache bous pou timoun ki defavorize yo.
Biznis sosyal se yon bon zouti tou nan ede timoun ale lekòl. Kreye lekòl kominotè avèk Binis sosyal pou ede lekòl la. Men pi gwo koze a paran bezwen planifye koze fè pitit la se yon pouvwa yo bezwen kontwole.

Kijan pwofesè lekòl patnè yo ap ede biznis sosyal yo avanse ?
Biznis sosyal yo la depan de lekòl yo menm jan lekòl yo depann de Biznis yo.
Pwofesè yo dwe fè pwomosyon pou biznis yo nan zorèy elèv, paran ak tout lòt moun yap kontakte. Yo menm tou bezwen achte nan biznis sosyal yo.
Pwofesè yo kabab fè pòt a pòt pou pale sou biznis yo.
Men yon fason nou kap ankouraje moun konnen epi achte nan yon biznis. Nap pran HAJICA kòm egzanp : “ **Madanm eske ou gen poul HAJICA, se poul HAJICA mwen manje, pwochèn fwa si w pa gen poul HAJICA mwen pap achte nan menm w. Nan yon restoran, Mwen vle manje yon poulè HAJICA** ......”
ankouraje paran yo antre nan komès pou yo ka ede HAJICA. Si yo vann poul HAJICA yap fè kòb epi HAJICA ap mache.
HAJICA kapab òganize espesyal rabè pou ankouraje moun vini achte.

Anviwònman.
Se vrè gen anpil bagay se leta ki pou pran gwo inisyativ yo, men lè leta kita sa tonbe se moun kap viv nan peyi kap prensipal viktim yo. Se nan lide sa nou wè anviwònman bezwen kout je pa nou. Lè moun jete fatra enpòt kote kilès ki viv nan fatra eske se pa moun kap vin nan kominote a, se pou sa nou gen entenrè pou gere tout dechè, fatra epi li ta toujou pi bon pou chache konnen kijan fatra kapab itil. Tankou fè konpòs, byagaz elatriye...

Enplike nou nan travay rebwaze peyi a, jere kanal yo pou nou jwenn dlo pou ouze jasen yo. Pran swen rivyè yo, pou anpeche inondasyon, epi nou konnen ki rezilta kontre tout sa ki di ap bay. Nou gen rezon pou nou angaje nou nou travay pwoteksyon anviwonman.

Biznis sosyal, mwayen pou fè evanjelizasyon.
Mwayen  ki pèmèt nou menm moun jwenn ak Jezi se evajelizasyon.
Kijan pou abòde moun pou evanjelize yo ?
Oganize aktivite pou antre kòb, tankou yon biznis sosyal epi  sèvi ak li pou degaje yon mesaj evanjelizasyon.
Mete sou pye biznis pou kreye yo, yon jan lòt moun kapab wè sa kòm modèl epi vin jwenn kris la. Fè pwomosyon biznis la a travè bwochi ki bay mesaj lavanjil la. Pran yon pati nan benefis biznis la pou ede moun ki pi vilnerab yo.
Pou kisa legliz yo paka mete ansanm pou kreye yon gwo biznis sosyal ki ta vize ede nan edikasyon, nitrisyon,  sante, finans moun ki pi vilnerab yo andan legliz.

Kèk sijè ki te pwopoze.

1. Kijan pwofesyonèl edikasyon kapab apwopriye yo de biznis sosyal ?
2. Ki biznis sosyal ki ta sanble pi apwopriye pou pwofesyonèl edikasyon ?
3. Kèk eslogan pou HAJICA.
4. Kijan nou ka avanse sou pwoblèm anpil timopun ki pa ka ale lekòl ?
5. Kisa sa vle di, Yon lòt kalite edikasyon ?
6. Kijan pwofesè lekòl patnè ap ede biznis yo avanse.
7. Kisa ki genyen nan Biznis sosyal kap ede pwofesyonèl edikasyon travay plis nan edikasyon ?
8. Nouvo langay pou nouvo kalite lidèchip.
9. Kijan nou ka fè yon bon lekòl ?
10. Yon ti vwayaj pou vizite izin kleren an.
    Kijan nou jere anviwònman nou ?
11. Aprann plis sou òganizasyon espas ouvri.
12. Kijan nou ka sèvi ak espas ouvri pou devlopman kominotè ?

| Non ak siyati | òganizasyon | telefòn | imel |
|---|---|---|---|
| 1. Wilmont jean | Eksperyansla | 37313830 | Wilmontjean @yahoo.fr |
| 2. Raymont Nathanael | Eksperyansla | 38234601 | raynatho38@gmail.com |
| 3. Xavier Abelard | HP/Eksperyansla | 36560644 | xavierabelard@gmail.com |
| 4. Celestin Necene | Eksperyansla | 36685487 | Celestinnecene@gmail.com |
| 5. Benaja Antoine | HP | 38061153 | benaja@haitipartners.org |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 6. Zephir Loubert | KPA | 36818814 | loubert@yahoo.fr |
| 7. Francesse Antoine | ADECA | 38659438 | FrancesseAntoine@yahoo.fr |
| 8. Beaubrun Betine | ADECA | 34454751 | |
| 9. Blanc Vladina | Wozo | 37321385 | Blanc Vladina@yahoo.fr |
| 10. Nadine Charles | ADECA | 34380778 | Nadenod.12@gmail.com |
| 11. Renelus Francesca | ADECA/wozo | 38897890 | Renelus Francesca@yahoo.fr |
| 12. Dorothy Pierre Louis | CSCS | 46826876 | AugDorothy@hotmail.com |
| 13. Moreno Morelus | CSCS | 34905489 | rmorelus@yahoo.fr |
| 14. Miracle Pierre | CSCS | 38455393 | pierremiracle03@yahoo.fr |
| 15. Dorlouis Benghy | FOKA | 48628842 | Dorlouis benghy@yahoo.fr |
| 16. St Germain Frodelyne O | FOKA | 36909324 | stfrody@yahoo.fr |
| 17. Ismaille Dorsainvil | FOKA | 38112494 | Ysmaille1@yahoo.fr |
| 18. Cesar Gissaint | Fonkoze | 48924038 | |
| 19. Joseph Sadieu | Fonkoze | 32529165 | |
| 20. Louis Nadeje | Foka | 36497796 | Louisnadeje44@yahoo.fr |
| 21. Angerv | FOKA | 31442932 | milourieangervil@yaho |

| | | | |
|---|---|---|---|
| il Millienne | | | o.fr |
| 22. Louisia Christian | Fonkoze | 33550674 | christianlouisia@yahoo.fr |
| 23. Thelusca Ronaldo | WOZO | 37 03 6233 | ronaldotelusca@yahoo.com |
| 24. Saintina Nadege | | 36563832 | |
| 25. Jean Chrislène | LKM | 34 968050 | Jeanchrislene@yahoo.fr |
| 26. Josué Viola | LKM | 31638055 | |
| 27. Engerville Delson | LKM | | |
| 28. Jean Dieugek | LKM | 39478306 | |
| 29. Louis Gilner | LKM | | |
| 30. Nazaire Elisée | KPA | 40365409 | |
| 31. Adonie Exéne | KPA | 38997553 | |
| 32. Mondesir | KPA | 36661679 | |
| 33. Fleurant Fils Magela | HC | 36424116 | |
| 34. Dautruche Elmise | Cedu sage | 37599629 | |
| 35. Prévilus Marie Samara | SIDDEVAS | 37718479 | |
| 36. Estin Evalienne | HC | 38 422276 | |
| 37. Celestin Islande | ECJJDC | 38538834 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 38. Belizaire Fanfan | KPA | 3723 4995 | belizairefanfan2012@yahoo.fr |
| 39. Aguste Dukens | HC | 47150052 | |
| 40. Petit Frere Fenel | KPA | 37966584 | |
| 41. Mireille Civil | SIDDEVAS | 48509590 | |
| 42. Monique Desir | SIDDEVAS | 48590297 | |
| 43. Ceraphin Tachise | Cedu SAGE | 3897 8933 | |
| 44. Cérémé JOB | ECJJDC | | |
| 45. Horelien Magarette | SIDDEVAS | 3659 7944 | |
| 46. Valcin Charles | SIDDEVAS | 37152779 | |
| 47. Alcimeus Emmanuela | IMN | 34230100 | |
| 48. Theodore Nellie | HC | 37451835 | |
| 49. Dorvilas D.Anite | HC | 38096942 | |
| 50. Elsaint Jean louis | Anonciation | 37479902 | |
| 51. Ko Sara | HP | 47142660 | |
| 52. Janvier Marie Kerline | HP / ADK | 38406190 | |
| 53. John Engle | HP | 31366495 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 54. Celius Ritha | SIDDEVAS | 37152779 | |
| 55. Saint Fleur Pierre | EAD | 36180184 | |
| 56. Thellus Malachy | EAD | 36537974 | |
| 57. Jeanty Marie Ange | EAD | 38767063 | |
| 58. Metelus Ormelien | ECJJDC | 37 | |
| 59. Wedeline Antoine | HC | 37389682 | |
| 60. Steeven Werlin | HP/FK | 36590601 | |
| 61. Paul Marie Mica | | | |
| 62. Verna Bethlie | IMN | 38383987 | |
| 63. Esperan Sammuel | troy | 38611609 | |
| 64. Troy Sanon | HP | | |
| 65. Philogene Damyl | HC | 37592784 | |
| 66. Titus Erwin | FOKA | 37900044 | |